**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлиминиң**

# ХАБАРШЫСЫ

**Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр**

**Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси**
**Қорақалпоғистон бўлимининг**

# АХБОРОТНОМАСИ

**Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда**

# ВЕСТНИК

**Каракалпакского отделения**
**Академии наук Республики Узбекистан**
**Журнал издается с 1960 года**

**№ 1**
**(278)**

**Нукус -2025**

**Roman va epigraf**
**Utemuratova X.**
*O'zbekiston Respublikasi Fanlar akademiyasi Qoraqalpog'iston bo'limi Qoraqalpoq gumanitar fanlar ilmiy-tadqiqot instituti, Nukus*

Maqola qoraqalpoq adabiyotshunosligidagi dolzarb muammolarining biriga bag'ishlangan. Muallif K.Mambetov, Q.Matmuratov va K.Karimov ijodiyotining o'ziga xos xususiyatlarini belgilagan. Romanlarning paydo bo'lisi va rivojlanishi ijod ahlining badiiy hayolining sharqlashi va yuksak tajribaga ega bo'lishidan darak beradi.Yozuvchining badiiy hayoli yuksak sharqlashi bilan farq qiladi. Har bir tarixiy asarning hujjatlik negizlarini va badiiy hayolning o'rnini teran tadqiq etish kerak. Bu muammo to'g'risida aytilgan boshqa qoraqalpoq olimlarinig fikr-mulohazalarini keltiradi.Turli asarlarda turlicha uslublar namoyon bo'ladi. Ko'pchilik asarlarda ular o'zaro ta'sir etadi, bir-biri bilan qarishib ketadi, davr va qahramon obrazlarining yaratilishi, badiiy hayotning ifodanishi, rivojlanishi va o'quvchining diqqatini jalb etishdek vazifalarni bajaradi. Bu masalarning o'rganilishi katta ahamiyat kasb etadi.

**Роман и эпиграф**
**Утемуратова Х.**
*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*

Статья посвящена одной из актуальных проблем каракалпакского литературоведения. Автором определены художественные искания писателей К.Мамбетова, К.Матмуратова и К.Каримова и художественные особенности жанра исторического романа. Рождение романа и ускоренное развитие характеризует духовный взлёт и результат роста творческой личности. Фантазия писателя отличается творческим взлётом. Документальную основу каждого произведения, роль вымысла следует изучать досконально. Данная проблема, затронутая наиболее видными литературоведами, побудила и других каракалпакских ученых высказать свои мнения об исторической прозе. В разных произведениях преобладают различные приемы. В большинстве своем они переплетаются, взаимодействуют, выполняя различные функции - отражения эпического, объективного времени, создания художественной правды, активизации читательского внимания, движения действия, создания образа эпохи и времени. Исследование этих вопросов имеет большое значение.

**Novel and epigraph**
**Utemuratova H.**
*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*

The article is devoted to one of the actual problems of Karakalpak literary studies.The birth of a novel and accelerated development are characterized by spiritual takeoff and the result of the growth of a creative personality. The writer's imagination is distinguished by its creative takeoff. The documentary basis of each work and the role of fiction should be studied thoroughly. This problem, raised by the most prominent literary scholars, prompted other Karakalpak scholars to express their opinions on historical prose. Different techniques predominate in different works.For the most part, they intertwine and interact, performing various functions—reflecting epic, objective time, creating artistic truth, activating reader attention, moving action, creating an image of an era and time.The study of these issues is of great importance.

---

# ЛИРИКАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДА ФОЛЬКЛОРЛЫҚ ОБРАЗЛАРДЫҢ СТИЛИЗАЦИЯСЫ

**Тлеуниязова Г.Б.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Ҳәр қандай дөретиўши тулғаның көркем туўындысын оның өзинен бөлек алып қарай алмаймыз. Себеби, қәлеген көркем шығарма жазыўшының дөретиўшилик қазанында қайнап писемен дегенше, оған автордың бар шеберлиги, билими, таланты қосып қарылады. Сонлықтан, көркем әдебияттағы әдебий дәстүрлер ҳәр бир дөретиўшиниң жекке көркем табылмасы сыпатында қайта жанланады. Биз бул мәселени Б.Генжемуратов лирикасындағы көркем образлар мысалында қарастырамыз.

Бир образға басқа шығармаларында қайта мүрәжәт етиў қубылысы қарақалпақ лирикасында көплеген шайырлар дөретиўшилигинде ушырасады. Мысалы, И.Юсупов «пери» ҳәм «тулпар» образларынан, Б.Генжемуратов «пери», «бөри», «қар», «жалын», «даўыл», «шөл», «жамғыр», «алма», «жүзим», «шабдал», «шийе», «баяғы бағлар» деталь ҳәм образларына, С.Ибрагимов «дәрья», «жол» ҳәм т.б. Ж.Избасқанов «апрель» «гүз», Х.Дәўлетназаров «аққуў» ҳәм т.б. образ ҳәм детальлардан бир неше шығармаларында, сондай-ақ, бир шығарманың бир неше орнында қайталап пайдаланады. Мысалы, Г.Дәўлетованың «Ана ғаз» қосығында ана ғаз образы қосықта бир неше жерде қайталанады. Нәтийжеде, ана ғаз образы ананың образына теңлестиреледи. Шығармада тийкарғы сәўлеленген кейпият сол ана ғаздың ҳалаты, кейпияты менен өлшенеди. Бунда ана ғаз образы қайғылы планда (палапанларын ертип жүрген ана ғазға тасланған қара қус оны палапанларынан айырады) сүўретленеди. Қосықта бастанаяқ қайталанған образ қосықтың тийкарғы идеясын ҳәм сол идея тийкарында шөлкемлескен

композицияның гилти ямаса семиотикалық орайы хызметин атқарған. Шайыраның лирикасында қайталаныўшы ана ғаз образы оның тек ғана бир қосығында емес, ал бир неше лирикалық шығармаларында көзге тасланады. Мысалы, «Ана ғаз», «Айралық элегиясы», «Өмирзая жулдыз», «Ана ғаз балладасы» қосықларында «ғаз» образы бериледи. Бир неше қосықларында символлық-метафоралық бул образға қайта мүрәжәт етиў арқалы шайыр лирикалық қаҳарманның келбетин тутас сәўлелендириўге ҳәрекет етеди. Бул қосықларда ана ғаз образы арқалы ана ҳәм перзентинен айрылған ана, меҳрибан ана тулғасын сәўлелендиреди. Образлардың бундай қайталаныўшылық ўазыйпасы шайырлардың дөретиўшилигин толық ҳалатында алып үйрениўге, лирикалық қаҳарман образын пүтинлигинше қабыл етиўге, бир шығарманың өзинде қайталаныўы болса, мазмунды тереңлестириўге, тәсиршеңликти арттырыўға, шығармада сәўлеленген жетекши идеяға, жетекши темаға дыққатты қаратыўға мүмкиншилик береди. Соның менен бирге, бир образ яки идея ҳәм детальлардан пүтин дөретиўшилиги дәўиринде бир неше шығармаларында қайта қолланылыўын ҳәр бир дөретиўшиниң лабораториясындағы өзине тән көркемлик излениcлердиң нәтийжеси сыпатында да баҳалаўға мүмкиншилик береди. Әдебиятшы Ж.Сагидуллаева Ш.Сейтовтың «шыйықшы» образын жетилистирип «Халқабад», «Жаман шығанақтағы Ақтуба» романларында қолланыўын «демек, бул образлардың шығармадан шығармаға өтип жүриўи Ш.Сейитов дөретиўшилик лабораториясында әпиўайы тәкирарлаў емес, ал поэтикалық усыл болып табылады. Солай етип, жазыўшылар шығармаларында бир-бирине көшип жүретуғын айырым образлар жазыўшы шеберлигин үйрениўде, оның идеялық позициясын белгилеўде, жазыўшы стилин анықлаўда айрықша хызмет атқарады» [4:96] – деп түсиндиреди.

Б.Генжемуратовтың поэзиясында «қылыш», «семсер», «бөри», «шөл», «муз», «қыс», «саратан», «сең», «алма», «жүзим», «шабдал», «Қоблан», «пир» ҳәм т.б. көплеп образлар ҳәм детальлар поэтикалық мақсетте шайырдың дөретиўшилигинде жетилистирилип қолланылады. Бул образ ҳәм деталларды талқылап қарағанымызда, шайыр поэзиясында фольклорлық образлар ҳәм индивидуал изленислери нәтийжесинде жүзеге келген образ ҳәм детальлардың оның стилизацияланып, ҳәр түрли көркемлик мақсетлерде пайдаланғанлығын көремиз. Солардың бири – фольклорлық дәстүрлердиң тәсириндеги фольклорлық образлар.

Қарақалпақ әдебиятында қәлеген жазыўшы яки шайырдың дөретиўшилигинде көплеген тәсир етиўши факторлардың қатарында халық аўызеки дөретпелери үлкен әҳмийетке ийе екенлигин байқаймыз. Себеби, әдебияттың барлық түр ҳәм жанрларында кең қолланыў мүмкиншилигине ийе болған фольклорлық дәстүрлер бүгинги күнге шекемги әдебий шығармалардың көркемлигиниң тийкарын қурайды. Сонлықтан, әдебияттың қайсы жанрында болмасын, фольклорлық образлар, фольклорлық мотив ҳәм сюжетлер, аўызеки әдебияттың көркем тили сыяқлы үлгилери гезлеседи.

Ҳәр бир фольклорлық образдың айрықша белги ҳәм өзгешеликлери бар ҳәм олар халық аўызеки дөретиўшилиги ҳәм жазба әдебиятында өзиниң генезиси ҳәм эволюциясына ийе. Б.Генжемуратов поэзиясында Дәў, Пери, Әйдарҳа, Жалмаўыз, Ат, Ғаз, Ғарға, Тырна ҳәм т.б. сыяқлы образлар аўызеки дөретпелердеги образлық сыпатларын жәмлеген ҳалда қолланылып, шайыр шығармаларының көркемлигин байытыўы менен бирге, шайырдың бул образларға жаңаша образлық сыпат бериўи нәтийжесинде яки усы образлардың сыпатларын басқа көркем детальларға, образларға жүклеўи арқалы жаңа қырлары менен стилизацияланғанлығын ушыратамыз.

Әйдарҳа, дәў образлары халық аўызеки дөретиўшилигнде жаўыз ҳәм ири сыпатқа ийе болып, инсанлар менен душпан есапланған. Шайыр бул образлардан инсан қәлбиниң арпалысларын сәўлелендириўде, инсанның сыртқы орталық пенен, басқалар менен қарымқатнасындағы қарама-қарсылықларды сәўлелендириўде ҳәм инсан минез-қулқындағы унамсыз сыпатларды сүўретлеў ушын қолланады. Мәселен:

1. «Бес жасынан белли
*Қоблан, Алпамысларды*
*дәўлерге* айдап салады» [3:52].
2. «Жүрегиңди сақла темир қорғанда,
қәлбиңди көрсетсең *Көбикли дәўге*,
жетпис батпан гүрзи урып жент қылар
… Баданакөз ақсаўыттан тәниң көринсе,
жүрегиңди байлап атады
*Алшағыр*» [3:46].

Дәслепки мысалда дәў образы бүгинги дәўирдеги ҳақыйқый талантлардың өсип жетилисиўине тосқынлық ететуғын жәмийеттеги унамсызлықларды сәўлелендириў ушын берилсе, кейинги қатарлардағы «Қоблан» дәстанындағы дәўлердиң образлары инсанлар пейлиндеги еки жүзлемешилик, қыянет ҳам жаманлық етиў сыпатларын сәўлелендирген.

Оңымнан шоршынып уйқыға қашаман –
түсимде шоршытар қара *айдарҳа*,
аппақ *айдарҳаны* шайнап атырған
([3:63].

Бул қатарларда лирикалық қаҳарманның ишки арпалысларын, қорқынышын, турмысында ушыраған бахытсызлықларға қарсы гүресин сүўретлеўде қара ҳәм ақ әйдарҳалар образы лирикалық шығарманың мазмунлық композициясында шөлкемлестириўшилик ўазыйпада

қолланылған.

Қус образы шайыр қосықлары композициясында бир неше мазмунлық-композициялық мақсетлерде қолланған. Б.Генжемуратов мифологиялық образлар Бүлбилгөя, Суймурық қус образларының дәстан ҳәм ертеклердеги сыпатларын қолланыў арқалы лирикалық қаҳарман жасаған дәўир инсанларының, жәмийеттиң картинасын сызады. Сондай-ақ, шайыр қарлығаш, аққуў, аққус, тырна, ғарға, қуба қус сыяқлылардың аўызеки дөретпелердеги образлық сыпатларын терең билген ҳалда олардан лирикалық қаҳарманның жаратылыстың ҳәр қыйлы ҳалатларына симпатиясы ҳәм антисимпатиясын сәўлелендириўде қосықлары композициясына оның ажыралмас бир көркем бөлеги сыпатында енгизип пайдаланады.

Шашымның талшықлары жарылып
кетти.
*Қарлығашлар* илинип қалды аспанда…
[3;61].

«Түсимде» атамасындағы қосығынан алынған мысалда қарлығаш образының аспанда қыймылдамай қатып қалыў ҳалатын сүўретлеў арқалы жақсылықтың, иләҳийликтиң иләжсиз, шарасыз қалыўын, әмелге аспаўын образлы береди. Себеби, халық түсинигинде қарлығаш жақсылықтың символы.

Тырна ҳәм ғазлар аўызеки дөретпелерде хабаршы ўазыйпасын атқарыўшы образ.

*Тырналардың* сыңсыўы менен
көл оянар, айдын оянар.
дәрт көлинде тербелер кемем.
Тырналардың сыңсыўы менен
жүрегимде бир қус оянар,
сағынышлы қыйқыўы менен… [3;141]

Шайыр лирикалық қаҳарманның илҳәм келген пайытын сүўретлеў ушын тырналардың жақсы ислерге себепши болатуғын сыпатын жетекши етип, тәбият қубылысларының «ояныўы» процеси менен параллель сүўретлеп, шебер мәнилик композициялық пүтинликке ериседи.

«Жети қат аспанға руўҳым созыўлы,
сыңсып жети *тырна* қәлбиме
қонбас» [3:140].

Бул қатарларда да лирикалық қаҳарманның түскин аўҳалынан шығарып жибериўши жақсы хабардың яки ўақыяның жүз бермей атырғанын сүўретлеў ушын шайыр қосық композициясында басқа қустың емес, ал тырнаның образынан шеберлик пенен пайдаланады.

Халық аўызеки дөретиўшилигинде Қарақус жақсылықтың душпаны, ал Аққус, Аққуў жақсылық, пәклик нышанлары сыпатында қолланылады. Б.Генжемуратов шығармаларында олар ашық яр образын бериў ушын пайдаланылған.

Ушып кетпегейсең өзге айдынларға
көңлимниң айдынынан,
*Аққусым*…[1:46].
Мен бир байғус – баўырым елжирер:
«Жолың болсын, кеширдим
*аққуў*…» [1:36].

Шайыр лирикасында оның изленислери нәтийжесинде Қус образы халық, инсан образларын жаратыўда қолланылған ҳалатларын ушыратамыз.

Арқадан келген бес жүз қус,
түсликтен келген бес жүз қус,
палапанлап өршиген
мың қус атаў – мың қус таў –
Мыңқустаў ма едиң, Маңғыстаў?!...
[3:34].
ғазлар ғаңқылдаса гүзги аспанда,
қанаты қырқылған қустай сезиндим
[3:139].

Шайыр поэзиясында қарақалпақ халық қаҳарманлық дәстанларының қаҳарманлары да метонимиялық сүўретлеў усылында қолланылып, оның шығармаларында жаңа образлық сыпат алған. Б.Генжемуратов поэзиясындағы Алпамыс, Қоблан, Байсары, Байбөрилер – тап дәстанлардағы сол образлардың өзи емес, ал олардың дәстандағы атқарған ўазыйпасы жүкленип, қайта жаратылған образлар. Мысалы:

1. Силкинип оянар бир елес.
Руўҳымды силкилер сол елес:
«Батырлар мың жыллық гәплетте.
Шайырлар бир әсирлик уйқыда…
Оятыңлар!
*Алпамысты...*
*Шәрьярды* оятыңлар...
*Жалалатдин Мангубердини* оятыңлар!
*Ерназар Алакөзди…*» [3:51-52].
2. Уйқылап жатқан *Қоблан* – баллар
қозғалады,
Ояў әрманларым – тасқын
әрманларым…[3:50].

Бул мысаллардағы Алпамыс, Қоблан, Жалалатдин Мангуберди, Шәрьяр, Ерназар Алакөз – булар халық ушын жаўларға қарсы гүрескен, өз халқын душпанлардан қорғаған халық тилиндеги, қәлбиндеги батырлар. Шайыр бул образларды өз шығармасында образ сыпатында қоллана отырып, ерлик, батырлықтың үлгилерин оқыўшыға үлги етеди. Батырлардың образларын көркем поэтикалық қуралға айландырады.

Аўызеки дөретпелерде, соның ишинде, айырым ертеклерде ҳәм дәстанларда қаҳарман яки персонажлардың өз туўылған елин таслап көшиўи, қашып кетиўи яки сапарға кетиўи мотивлери бар. Б.Генжемуратов усы мотивти экологиялық апат себепли өз елин таслап көшип кетип атырғанларды, ел ағаларының өзара аўызбиршилигин сақламай атырғанларды, жеткиншеклерди қоллап-қуўатламай, оларға үлги болмай атырған ағаларды «Алпамыс» дәстанындағы өзара мәмилеге келе алмай, бирбирине өкпелеп, өз елин таслап көшип кеткен Байсары ҳәм Байбөри образларына қайта мүрәжәт етиўи арқалы образлы сүўретлейди.

Өз журтын таслап көшсе *Байсарылары*,
мәмилеге келмесе *Байбөрилери [3:50].*

Б.Генжемуратов поэзиясында булардан басқа да Пери, Ат, Булт, Аспан, Даўыл, Шайтан, Жин, Гүл, Муз, Суў ҳәм т.б. сыяқлы фольклорлық образлардың стилизациясын ушыратамыз. Оларды: 1) мифологиялық образлар; 2) мифлер тийкарындағы рәмзий образлар ҳәм 3) шайырдың индивидуал қатнасы тийкарында пайда болған рәмзий образлар сыпатында бөлип үйрениў мақсетке муўапық.

Б.Генжемуратов тек ғана фольклорлық образлар емес, соның менен бирге айырым халық аўызеки дөретиўшили жанрларына қайта мүрәжәт етип, оларды заманагөй жанрлық дәстүрлер менен синтезлеп, жаңаша поэтикалық изленислерди әмелге асырғанын көриўге болады. Бунда шайырдың поэтикалық сөзди таңлаўда терең изленип, қосық композициясын қурыўда дәстүрий қосық үлгисиниң бармақ өлшеминдеги қатаң қағыйдаларына жүдә садық қалмаса да, айтажақ ойын жоқары көркемликте жеткерип бериўге умтылыўының гүўасы боламыз. Мәселен, ол бир неше қосықларын халық терме ҳәм толғаўлары үлгисинде жазады. «Маңғыстаў толғаўы», «Қардың басын қар алар», «Балхан таўда бозладым», «Бердақ шайырдың толғаўы», «Толғаў» ҳәм т.б. сыяқлы қосықлары аралас яки жуп уйқаслы 7-8-9 буўынлы халық терме-толғаўларының үлгисине салынып жазылған. Бирақ, бул халық толғаўларының формасы яки айырымларындағы мазмун, идея сақланып қалғаны менен, Б.Генжемуратовтың дөретиўшилик изленислери менен байып, оның индивидуал стили менен қарысып, терме ҳәм толғаў жанрлары жаңаша көркемлик түс алады.

Жуўмақластырып айтқанда, халық аўызеки дөретиўшилигиндеги жанр, сюжет, композициялық қурылыс, мотив, образ, деталь ҳәм басқа да мазмунлық ҳәм формалық бирликлерди ҳәр бир дәўир жазыўшы-шайырлары стилизациялап қолланыўы дәстүрий қубылыс болып, бул әсиресе, 1990-жыллардан кейинги қарақалпақ әдебиятында көбирек ушырасты. Бул тенденция инсанның тек ғана туйғы ҳәм кеширмелерин сәўлелендириў жетекшилигине ийе лирикада көркем образ хызметин атқарды.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Генжемуратов Б. Саратан. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1990.
2. Генжемуратов Б. Оқ қадалған ай. – Нөкис: Билим, 1997.
3. Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2012. – 164 б.
4. Сагидуллаева Ж. Қарақалпақ повестлеринде стильлик изленислер (1980-жыллар). Монография. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2020.
5. Умберто Эко. Отсуствующая структура. Введение в семиологию. – ТООТК. «Петрополис», 1998. – 432 с.
6. Ҳозирги ўзбек шеъриятида индивидуал услуб поэтикаси. Филол. фан. док. дисс. автореф. Самарқанд, 2019.


**Лирик асарларда фольклор образлари стилизацияси**


**Тлеуниязова Г.Б.**

*Ўзбекистон Республикаси Фанлар академияси Қорақалпоғистон бўлими Қорақалпоқ гуманитар фанлар илмий-тадқиқот институти, Нукус*



Бу мақолада халқ оғзаки ижодида қўлланилган бадиий образларнинг лирик асарларда стилизацияси ҳамда уларни қўлланишдаги шоирнинг мақсади, поэтик маҳорати масалалари ёритилган. Мазкур масалалар шоир Б.Генжемуратовнинг шеърияти мисолида таҳлил қилинган. Шоирнинг бир неча шеърларида такрорланиб қўлланилган образ ва детальларни таҳлил қилиш борасида унинг шеъриятида фольклор образлари ва шоирнинг индивидуал изланишлари натижасида юзага келган образ ва деталларнинг мавжуд эканлиги аниқланган. Улар шоирнинг ижодий лабораториясида қайта ишланиб, бадиий жиҳатдан янги хусусиятларга эга бўлиб, унинг ижодидаги энг дастлабки шеърларидан тортиб, энг сўнги ёзилган шеърларигача образ ёки деталларни қўллашдаги бадиий маҳорати таҳлил қилинган. Поэтик образлар стилизацияси лирик қаҳраманнинг ўсиш эволюциясини яхлитлигича ўрганишга асос яратиши ва шоирнинг поэтик изланиши сифатида баҳолаш мумкинлиги ҳақида хулосани беради.


**Стилизация фольклорных образов в лирических произведениях**


**Тлеуниязова Г.Б.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*



В данной статье описывается стилизация художественных образов, используемых в народном творчестве в лирических произведениях, а также цель и поэтическое мастерство поэта в их использовании. Эти вопросы анализируются на примере поэзии поэта Б.Генжемуратова. Анализируя образы и детали, неоднократно использованные в ряде стихотворений поэта, установлено, что в его поэзии существуют фольклорные образы и образы и детали, созданные в результате индивидуальных исследований поэта. Они обрабатывались в творческой лаборатории поэта и приобретали новые художественные черты от самых ранних стихотворений в его творчестве до последних написанных стихотворений, анализировалось его художественное мастерство использования образов или деталей. Стилизация поэтических образов дает основу для изучения эволюции роста лирического героя в целом и может быть оценена как поэтические искания поэта.


**Stylization of folklore images in lyrical works**


**Tleuniyazova G.B.**